



Pou Piblikasyon Imedya: 07/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ MODÈNIZASYON DEVLOPMAN LOJMAN NAN PRI KI ABÒDAB 20 MILYON DOLA A KONTE HERKIMER

***Reyabilitasyon dirab nan konplèks lojman piblik yo ogmante inite total yo,  
amelyore efikasite enèji, ogmante aksè***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse achèvman yon pwojè renovasyon Apatman Eastern Gardens ki koute 20 milyon dola nan Vilaj Herkimer nan Konte Herkimer. Developman lojman piblik ki reyabilite a, ke yo rele kounye a Stone Ridge Mills, ofri 63 nouvo kay ki gen efikasite enèji epi ki nan pri ki abòdab pou fanmi yo.

"N ap travay nan fason ki agresif pou kreye epi prezève lojman ki tèlman nesesè yo nan tout Mohawk Valley ak atravè eta a, nan kominate nou an pou ranfòse kominate a epi pèmèt Nouyòkè yo viv nan tout sekirite epi nan diyite," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Konplèks apatman Stone Ridge Mills ki modènize a, ap ofri kay ki modèn epi nan pri ki abòdab, k ap bay rezidan vilaj yo yon anviwònman ki konfòtab, abòdab epi ki sen."

Konplèks orijinal la ki te konstui an 1954 te genyen sèt bilding de etaj ki gen 48 apatman. Travay reyabilitasyon an te enkli nouvo twati ak revètman, fenèt ki gen efikasite enèji, plan etaj ouvè, sistèm sekirite modènize, ekleraj ki efikas, aparèy plonbri fèb debi, nouvo kwizin ak twalèt ak aparèy Energy Star.

Pwojè a te gen ladan I tou konstriksyon yon lòt bilding de etaj ki gen 15 nouvo apatman. Tout bilding yo reponn ak egzijans Pwogram Konstwiksyon Altitud Ba (Low Rise New Construction Program) Otorite Developman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ak Pakou Pèfòmans EPA ak Energy Star ak an pwogram Konpayi Kominote Vèt (Enterprise Green Communities) yo.

Stone Ridge Mills genyen 14 apatman ki gen yon sèl chanm a kouche, 34 ki gen 2 chanm a kouche, dis ki genyen twa chanm a kouche, ak senk apatman ki gen kat chanm a kouche. Pifò apatman yo abòdab pou fanmi ki ap touche 50 poustan nan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi piti ke sa.

Gen uit apatman ki aksesib konplètman pou rezidan ki gen kapasite pou deplase ki afebli ak senk apatman ki aksesib nèt pou rezidan ki pwoblèm tande/vizyon yo. Sèt apatman rezève pou moun ki sanzabri oswa ki riske vin sanzabri yo.

Stone Ridge Mills sitiye ideyalman toupre transpò piblik, acha, yon bank, lopital ak Inivèsite Herkimer.

Yon etablisman Head Start ki egziste, ki bay pwogram sou plas gratis pou timoun ki reloje soti nan biling kominotè pou ale nan yon lòt pwopriyete Otorite Lojman Herkimer (Herkimer Housing Authority), Stone Ridge Daycare, pou biling yo ka tounen itilize kòm espas kominotè. Biling kominotè ki reyabilite a gen sistèm elektrik, plonbri ak sipresyon ensandi ki efikas sou plan enèjetik, ak lavri ki aksesib, ansanm ak nouvo teren jwèt ak twotwa.

Devlopè a se Otorite Lojman Herkimer (Herkimer Housing Authority) ak Edgemere k ap sèvi kòm konsiltan lojman. Finansman Eta a pou se atravè alokasyon Federal ak Eta Kredi Enpo sou Lojman pou Revni ki Ba, Renovasyon Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la ki te jenere apeprè 16 milyon dola nan kapital ak 2.4 milyon dola ki soti nan pwogram Prezèvasyon Lojman Piblik la (Public Housing Preservation). Yo te bay yon lòt 1.3 milyon dola atravè Fon Envestisman Kominote Iben ak Riral (Rural and Urban Community Investment Fund) HCR la pou finanse relokasyon ak modènizasyon etablisman Head Start la. NYSERDA te bay 63,000 dola sipò.

Reyabilitasyon Stone Ridge Mills se yon pati nan Plan Lojman 20 milya dola san presedan, sou senk lane eta a, pou rann lojman aksesib ak pou konbat pwoblèm sanzabri a gras ak konstriksyon oswa prezèvasyon plis pase 100,000 lojman abòdab ak 6,000 lojman ki gen sèvis soutyen. Nan dènye deseni an, HCR te envesti plis pase 265 milyon dola nan Mohawk Valley pou kreye oswa prezève anviwon 2,600 lojman abòdab.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR la, te deklare**, "Nou fyè pou fè patenarya ak Otorite Lojman Herkimer a sou pwojè 20 milyon dola sa pou renove, devlope, epi prezève sa ki abòdab nan Stone Ridge Mills. Tout 63 apatman yo genyen fonksyonalite ki modèn epi ki ekònòm nan enèji ak aksè ki amelyore. Lojman piblik se yon resous enpòtan ki mande envestisman kontini nou pou nou ka fè kèk fanmi New York gen yon kote yo rele lakay yo pandan deseni k ap vini yo."

**Richard Dowe, Direktè Egzekitif Otorite Lojman Herkimer (Rezidans Stone Ridge) te deklare**, "Nou rekonesan paske nou te resevwa finansman sa, epi nou kontan anpil pou opòtinite li bay pou chanjman. Nou pi byen ekipe pou sèvi rezidan nou yo, pou rann apatman nou yo yon anviwònanman ki vrèman enklizif."

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare**, "Achèvman devlopman lojman piblik Apatman Eastern Garden yo se yon lòt etap nan ekspansyon New York pou lojman ki nan pri abòdab, ki ekònòm sou plan

enèji epi ki sen atravè eta a, ki enkli pou popilasyon ki pi vilnerab nou yo. Sipò NYSERDA pou pwojè sistèm ak fonksyonalite wot pèfòmans reflete angajman kontini eta a pou diminye emisyon danjere yo pandan l ap bay benefis envestisman nan enèji pwòp pou tout Nouyòkè."

**Senatè Peter Oberacker, te deklare,** "Lojman kalite, nan pri ki abòdab peyi dividand kominotè nan tèlman anpil fason. Konplèks Stone Ridge Mills ki renove a abòde bezwen kle nan Konte Herkimer epi l ap bay yon fondman enpòtan pou fanmi ak moun yo. Pwogram devlopman lojman sa, ki fèt nan lide pou gen aksesibilite ak efikasite enèjetik, ansanm ak yon volè pwogram devlopman pou timoun, se yon modèl yo ta dwe swiv atravè eta a."

**Manm Asamble a Robert J. Smullen te deklare,** "Nouvo mizajou k ap fèt nan Stone Ridge Mills yo se yon envestisman ki byen vini pou pwopriyetè lojman ki nan pri abòdab yo. Ekpansyon opsyon aksè nan sikelasyon, etablisman gadri, ak amelyorasyon stildevi pou rezidan yo an jeneral se bèle bagay pou wè nan Mohawk Valley."

**Vincent J. Bono, Prezidan Konsèy Lejislatè Konte Herkimer (Herkimer County Board of Legislators), te deklare,** "Stone Ridge Mills se yon adisyon nou akeyi pou rezidan li sèvi yo ki bay yon espas pou viv ki dinamik, efisyen epi bon mache pou kominote a. Envestisman ki te tèlman nesesè sa se yon modèl de kijan lojman abòdab ak dirab ta dwe ye. Felisitasyon pou Tout Moun nan gwo reyalizasyon sa."

**Majistra Mark Netti te deklare,** "Gwo efò reyabilitasyon sa nan Stone Ridge Mills asire ke devlopman an ap kontinye bay kay nan pri ki abòdab ki sekirize epi desan pou rezidan yo pandan anpil ane. Bèle bildind ki renove ak etablisman Head Start ki modènize a te fè Herkimer yon pi bon plas toujou pou viv, travay, epi elve yon fanmi. Mèsi a tout moun ki te travay tèlman di pou rann pwojè sa posib."

###